

Сулейманов Ахьмад дуьненчу ваьлла 1922 шеран май беттан 1 дийнахь, Нохч-ГӀалгӀайн АССР-хь Олхазар-КӀотарахь. Нохчийн Ӏилманча, кавказйовзархо, хьехархо, поэт, художник, музыкант. ДӀакхелхина 1995 шеран июнь беттан 20 Вевзаш ву цо язйина Нохчийн а, ГӀалгӀайн а мехкан топонимех а, тайпанех а лаьцна книгаш бахьнехь. Нохч-ГӀалгӀайн Республикин Халкъан поэтан. Иза вара Нохчийчоьнан пачхьалкхан совгӀатан лауреат, Нохчийчоьнан а, СССР а яздархойн Союзийн декъашхо.

ТкъолгIачу бIешеран 50-чу шерашкара схьайолчу нохчийн поэзехь къеггина шен исбаьхьаллин дош, шен хатI долуш поэт вара Сулейманов Ахьмад. Кхечу воккхачу поэта Арсанукаев Шайхис яздина Сулейманов Ахьмадах лаьцна: «…И поэт вара шен амалца, и поэт вара шен дуьненехьежарца. И поэт вара адамашка, Iаламе болчу безамах дуьзначу шен тем боцчу деган дàгарца. Сулейманов Ахьмадан поэзи къаьста нохчийн къоман барта кхоллараллин хьу шеца хааяларца, произведенийн чулацаман кIоргаллица, мотт цIена а, хьалдолуш а хиларца, исбаьхьаллин васташ къегина хиларца. Ерриге а цуьнан поэзи юьзна ю вайн чолхечу, карзахечу заманан лазамех, адаман дахаран маьIнех, адаман сийлаллех а, цуьнан жоьпаллех а лаьцна йолчу ойланех. Поэта балхабо шен тембоцу деган лаамаш, сатийсамаш».

Сулейманов Ахьмад вина 1922-чу шеран 1-чу майхь Хьалха-Мартанан районерчу Олхазар-КIотарахь МуртазIелин Сулейманан доьзалехь. Ахьмадан да Сулейман нахаца шуьйра уьйраш йолуш, Нохчийчохь вевзаш стаг хилла, «нохчийн шира гIиллакхаш, дийцарш дика хууш, вайн махкара оьзда, цIеяххана нах шен хIусамехь соьцуш стаг хилла. Цаьрга ладоьгIуш, церан хьекъал, амалш схьаоьцуш кхиира Ахьмад». Юьхьанца шайн юьртахь дешна кIанта, 1940 шарахь Соьлжа-ГIалара № 6 йолу школа чекхъяьккхина, цул тIаьхьа Соьлжа-ГIаларчу рабфакехь дешна. Сурташ дахкаран корматалла йолуш хилла Сулейманов Ахьмад. Соьлжа-ГIаларчу художникийн гуламехь хуьлуш хилла иза. Художникийн суртийн гайтамашкахь дакъалоцуш а хилла. Цуьнан сурташ гайтаме

дӀаэцаран тоьшаллаш хӀинца а долуш ду. Масала, 1939 шеран 26 октябрехь елла справка ю «Смерть Асланбека Шерипова» цӀе йолу сурт Соьлжа-ГӀалахь рабфакан гӀишло чохь дӀахьош болчу гайтаме дӀаэцна аьлла.

Сулейманов Ахьмадан 1940-чу шерийн юьххьехь белхаш бина Нохч-ГӀалгӀайчоьнан халкъан серлонан комиссариатехь (наркомпрос) инстурктор волуш, цул тӀаьхьа Итум-Кхаьллан райкоман комсомолан секретаран даржехь а.

Нохчийн къам махках даьккхинчу хенахь СулеймановгӀар Казахстанехь Семипалатински областан Урджарски районан Науалы олучу юьртахь Ӏийна. Цигахь 1945 шарахь кхелхина Ахьмадан да Сулейман. Оцу муьрехь Урджарски районан Аксаковски сельсоветехула Уполнаркомзаган агент лаьттина Сулейманов Ахьмад. 1948 шеран 15 октябрехь Науалы юьртарчу юккъерчу школе библиотекаран а, хьехархочун а балха дӀаэцна иза. Семипалатински педагогически училище заочно чекх а яьккхина 1950 шарахь юьхьанцарчу школан хьехархочун квалификаци елла цунна. Науалински школехь хьехархочун болх бина 1958 шарахь Нохчийчу цӀаверззалц.

Сулейманов Ахьмад 1955 шарахь Семипалатински пединститутан оьрсийн меттан, литературин факультете заочно деша хӀоьттина, амма шен даймахка цӀавар бахьана долуш дешар юукъахдаьлла. Ткъа 1964 шарахь Нохч-ГӀалгӀайн пединститут чекхъяьккхина цо. Нохчийчохь дешаран системехь белхаш бина 1959 – 1981 шерашкахь: ГӀойтӀарчу юккъерчу школехь директор лаьттина, Хьалха-Мартан районан халкъан дешаран отделехь инспектор хилла, Хьалха-Мартанан № 2 йолчу юккъерчу школехь директоран, цул тӀаьхьа Олхазар-КӀотӀарарчу школехь директоран белхаш бина.

Кхечу меттигашкахь а къахьегна Сулейманов Ахьмада: Историн, меттан, литературин Нохч-ГӀалгӀайн Ӏилманан талламан институтехь Ӏилманан белхахо лаьттина, Нохч-ГӀалгӀайн Республикин Яздархойн союзехь исбаьхьаллин литературин пропагандин бюрон куьйгалхочун, тӀаккха Нохч-ГӀалгӀайн пачхьалкхан драматически театрехь литературни декъехь ассистентан белхаш бина.

Сулейманов Ахьмад кхелхина 1995 шеран июнан беттан 20-чу буьйсанна Олхазар-КӀотарахь. Цигахь дӀа а верзийна.

Сулейманов Ахьмада 1935 шарахь Бадуев СаьIидана гайтина хилла ша язйина стихотворени. «Кавказ» цIе йолу и стихотворени Бадуев СаьIида мага а йина «Серло» газет тIехь зорбатоьхна. Нохчийн литературин бухбиллархочо кIентан дог хьаьстина, хьох поэт хила веза аьлла, шена тIе а диллира цо олий, дуьйцуш хилла Ахьмада.

Сулейманов Ахьмадан поэтически кхолларалла эвсараллица кхиа йолаелла 1960-чу шерашкахь. Цуьнан стихаш зорбане йийлина «Ленинан некъ» газетан агIонаш тIехь, «Орга» журнал тIехь, тIаьхьо юкъарчу сборникашкахь а. Поэтан шен книга дуьххьара араяьлла 1967 шарахь. «Безаммий, шаьлтий» цIе а йолуш, стихийн, поэмин гулар ю иза. Оцу книгех лаьцна Сулаев Мохьмада яздина: «Машарехьа, интернационализмехьа, адамаллин оьздангаллехьа йиллина кхойкхуш а, даймахкехьа болу безам дешархойн дегнаш чохь гIиттош а ю поэтан и тайпа произведенеш, шаьш цуьнан «Безаммий, шаьлтий» цIе йолчу сборникехь зорбатоьхна йолу. Сборникана юкъаяхна поэтан цхьайолу стихаш, поэмаш хьалха дуьйна а нохчийн периодически зорбанехь араевлла евзина яра дешархошна. Ткъа уьш шайна тIехь дешархойн бIаьрг сецна а, вайн прессо а шен хенахь билгалъяьхна а яра, шайн чулацам психологически нийса, буьйцу мотт говза а болуш, дохкучу суьртийн басарш акварельни куьцехь цIена хиларна. И сборник араяьллачул тIаьхьа вайнехан литературоведенехь а, критикехь а къобалъеш тIеийцира поэтан цIе».

«Безаммий, шаьлтий» араяьлла цхьа шо даьлча зорбатоьхна поэтан шолгIа книга «Дог дохден цIе» (1968). Стихашший, поэмий ю оцу гуларан чулацамехь, иштта оьрсийн литературин классикийн гочдарш а ду . КхидIа арайийлина цуьнан поэзин книгаш: «Ламанан хьостанаш» (1971), «Даймехкан некъаш» (1982), «Цхьа-ши дош» (1988), «Даймахках илла»(2012), «Хаьржинарш» (2012). Оьрсийн маттахь,поэтаЛ. Шерешевскийс гочйина, араяьлла «Симфония гор»цIе йолу стихийн, поэмийн гулар (1977), гочйинарш Г.Гусаков, Л. Шерешевский волу «Рассвет в горах» стихийн книга а (1995).

Сулейманов Ахьмад дукха яздан гIерташ ца хилла, амма шен стихан дикаллин гIайгIа беш хилла. Оцу хьокъехь Мамакаев Мохьмада яздина: «А. Сулейманов… шен долчух кIеззигчух тоам а беш, амма шен поэтически дог-ойла лекха йолчех ву».

Нохчийн мотт, нохчийн дош, стихан исбаьхьалла лаккхара лоруш хилла поэта:

Хьан дош хир ду дешин меха,

Ахь са диллахь цунна чу!

Даим дагах кхеташ нехан,

БIешарахь и дехар ду!

……………………………

Тоьпан дашший, говза дошший

Дайша нийсса лерина.

Шаьлтане ца хададелларг

Дайша дашца дерина.

(«Ламанан хьостанаш»)

Нохчашлахь стеган дош цIена хила дезаш хилла, шеца хIилла доцуш, хьарамло йоцуш, инкарло йоцуш. Стаге болу лерам а хилла цуьнан дош шалхе йоцуш хиларе, цIена хиларе хьаьжжина. Поэта а иштта лору дош:

Дош-м дац дош доцург,

ГIуллакха-м дац цIена доцург!

ЦIаро-м деши а лаладо.

Дашо-м дегнаш а лаладо.

Деши а дош дац, цIена дацахь…

Дош а деши дац, цIена дацахь…

(«ЦIен книга» я Iесаллех поэма»)

Сулейманов Ахьмадан поэзин чулацамехь нохчийн къоман гIиллакх-оьздангаллин мехаллаш ю. Уьш кхайкхош, уьш чIагIъяре хьажийна ю цуьнан тоьлла произведенеш. Оцу къоман гIиллакх-оьздангаллин лаккхарчу тIегIане кхойкху поэт. Нохчийн халкъан педагогикехь, философехь «къонах» боху кхетам бу стаг шен халкъана, махкана хьанал хилар, пайдехьа хилар, лаккхара гIиллакх-оьздангалла йолуш иза хилар билгалдоккхуш. Поэта ойлайо оцу кхетаман, цуьнан маьIна дан хьожу иза:

«Къонаха мила ву? И меллалц веха» –

Хьаьттира ахь соьга шуьнехь Iаш вай.

– Дерриг а дуьне ду кьонахчун меха!

ХIар дуьне-м къонахийн белшаш тIехь дай!

……………………………………………

Къонаха – дахаран синпхенийн мерз бу!

Къонаха – дуьненан гIайгIанийн шад!

Цо ларйо дахаре вайн йолу марзо!

Къонаха – пха кхосса дуьйлина Iад!

Къонаха вехийца Даймехкан сийнна,

Даймехкан сий лардеш, вала и ле!

JIe иза, кхин ваха ца лууш санна,

Ленвоцчу сийлалле кховдаеш цIе!

………………………………………..

Терзан тIе ца дуьллу цо деший, даьхний

Халонгахь хадочохь хьуьнаран мах.

Ах-дуьне мах болу шен корта буьллу,

Вайн маршо ларъечохь сагIа до шех.

Къонахийн собар ду – лекха лам баккхал,

Собар ду сов доккха, кхача ца луш!

Къонахийн и собар кхачийча-м, боккъал,

ХIар маьлхан вайн дуьне духур ма ду!

(«Шуьнехь дош»)

Поэтан билгалъяьхна къонахчун амалш цхьаьнайогIу нохчийн иллешкахь бийцинчу «яхь йолчу дика кIентийн» амалшца. Турпалаллин иллешкахь чIагIдо даймохк безар, кхечу къаьмнашца доттагIалла хилар, вовшийн лоруш, цхьабарт болуш хилар, гIийлачуьнгахьа гIо лоцуш, доттагIалла лардеш стогалла гайтар, адамийн оьздангалла, сий лардар:

Ницкъ хиларх хуьлуш вац яхь йолу дика кIант,

ХIилланах хуьлуш вац тешаме дика кIант,

Тешамо, гIиллакхо, собаро веш ву-кха,

Оьздалло, хьекъало, стогалло веш ву-кха

ГIиллакхах вуьззина яхь йолу дика кIант.

(«Жерочун кIентан, Жумин Акхтолин илли»)

Иллешкахь а санна, ницкъ, хьал цуьнан хиларца ца хадабо поэта а къонахчун мах. Сулейманов Ахьмада къонах лору шен мехкан лаьттахь хьанал къахьоьгуш волу ахархо а, цо къонах лору тешам, собар, къонахалла кхайкхош волу илланча а, поэта къонах лору даймахка герзаца веанчу мостагIчунна дуьхьал гIаьттина тIемало а. Ахмадов Мусас даладо цкъа шаьш цхьаьна гулделлачохь шуьнехь Iаш Ахьмада аьлла дешнаш: «Ас хIар шуьнан дош олу, мацах цкъа дечиган нахарца дуьххьара хIокху мехкан хьена латта а аьхна, дезчу ялтин хIу дийначу ахархочун сийнна; ас хIара шуьнан дош олу, хьуьнхахь ирахь якъаелла къахьаштун дечиг а хадийна, иза нисйина, шарйина, тойина, цу тIе кхо мерз а оьзна, дечигпондар а бина, цу тIехь дуьххьара къонахаллех, тешамах, собарх илли аьллачу илланчин сийнна; ас хIара шуьнан дош олу вайн мохк лолле лаца, цуьнан сийлахь кхерчаш, оьзда мехкарий сийсазбан баьхкина мостагIий эшийна, хьаьшна, дIабаьхначу нохчийн тIемалойн сийнна!»

Иштта бу поэтан лирически турпалхочун хьежамаш а. Къонахаллин тема поэтан стихашкара поэмашка кхаччалц ерриг кхоллараллех чекхйолуш а ю, нохчийн къоман кхетамца йозаелла а ю. Дайн ламасташ лоруш, цаьрца вехаш, уьш кхидIа а цIинда Iалашо йолуш ву поэтан лирически турпалхо. Даймехкан дуьхьа, халкъан дуьхьа муьлхха а халонаш лан а, Iожалла тIеэца а кийча ву иза:

Даймахке сайн безам гайта,

ДоттагIий, аш таро ло!

Цуьнан дуьхьа муха веха,

Муха ле ас гойтур ду!

(«Лойша суна»)

Сулейманов Ахьмадан поэзи кIорггера йозуш ю къоман гIиллакхашца, ламасташца. Нохчийн хIусаман йовхо, адамийн комаьршалла, къоман оьзда гIиллакхаш тайп-тайпанчу васташца, синхаамийн айамца гайтина поэта.

Iаьржа буьйса, буьрса буьйса.

Дарцо левси кхийсайо.

Дино лергаш дуьхьалтуьйсу.

Халчу новкъа вогIу со.

…………………………….

Сан дин, сой – шиъ дарцо, гIорош,

Шело даге кхийдайо.

Хьеше кхойкхуш, цхьаннан-м корехь

ГIийла серло еттало.

………………………………….

«ХIей нах!» – олий, ас мохь туху.

Серлаболу корехь чиркх.

Вевзаш вацарх ломахь наха

Даим оьцу хьаша чу.

«Беркат шорта хуьлда хьоьца.

Воссал динара, хьаша, хьо!» –

Олуш, ондда луьйта лоций,

ХIусамдас со воссаво.

……………………………..

Божлахь сан дин паргIатбаьлла,

ХIинца паргIатвер ву со,

Кхача кечбеш, марсаяьлла,

Пешахь кхерсташ хир ю цIе.

Цу кхерчарчу цIарочул а,

Хьаша вохвеш, йовхо луш,

Ю вайнехан комаьршалла,

Ду вайнехан оьзда дош!

(«Дог дохде цIе»)

Стихотворени дIайолалуш кхоьллина Iаьржачу, буьрсачу, шийлачу буьйсанна «халчу новкъа вогIачу» турпалхочун васт а, стихотворени чеккхйолуш тIаьххьарчу строфашкахь и турпалхо хIусамдас тIеэцар гайтина долу васт а авторан ойла къеггина гучуйоккхуш ду.

Вевзаш ца хиларх хьаша тIеоьцуш, иза паргIатвоккхуш, цунна хьошалдеш, адаман йовхо луш, кхерчара цIе ца хадош, шена чохь даим «вайнехан оьзда дош» хезаш йолчу нохчийн хIусамна исбаьхьаллин дашца хастам бина поэта. Нохчийн беркате ламасташ, къоман комаьршо го оцу стихашкахь. Стихотворенин композици, исбаьхьаллин сурт кхолларан гIирсаш, мотт, ритм, интонаци – и дерриг автора Iалашо кхочушъяре хьажийна ду, цуьнан ойла къеггина билгалъяккхарехь гIо деш ду.

Сулейманов Ахьмадан поэзин нохчийн къоман гIиллакх, Iадаташ, ламасташ шен бухехь а долуш, халкъан бартан кхолларallица юххера уьйр а йолуш кхиъна хилар къеггина гуш ду цуьнан «Дахаран генаш», «Безаммий, шаьлтий», «Беттан тIулг» цIерш йолчу поэмашкахь, «Ламанан хьостанаш», «Маьлха-Аьзни», «Къечу илланчин хьелхар», «Лекхчу ножана…», «Дог дохде цIе» стихашкахь, «Ненан бIаьрхиш» дийцарехь, дуккха а кхийолчу произведенешкахь а.

Поэтан стихаш къаьсташ ю шайн чулацам а, форма а цхьабосса исбаьхьаллин лакхенга гIерташ хиларца. Иштта ю цуьнан безаман лирика а. Алссам ю поэтан безамах лаьцна стихаш, царах ю: «Кхин цкъа а хьожур вац…», «Хьан бIаьрхиш…», «Хьо яре сатуьйсу», «Батте», «Календаран тIаьххьара лист», «Хьо марш а Iойла», «Ма ала соьга», «Малхе кхевдий…», «Весет», «Ала цуьнга», «Ерриг шело дIаэцалахь!», «Хан йоцчу хенахь а…»,

«Ехийла гIоза!», «Полла», «ЙогIур ю, хьомениг, хьоьга!», «Батто сагатдо».

Орцан дукъах дато маIаш

Туьйсуш, батто сагатдо…

ЦIестан кIудал нохчийн йоIа

Шовдана кIел сецайо.

Хета баттах схьадухдуьйлуш,

КIудал юзу шовдано,

Нур-зIаьнаршца безам муьйлу,

ЙоIах хьерчаш, цу батто.

КӀудал юьзна… Ӏанаоьху

БӀаьрхих терра дато хиш.

Ткъа, йоӀ гича, дог а лехий,

Нохчийн кӀанта лоькху йиш…

Сулейманов Ахьмадан «Батто сагатдо» стихотворенин хьалхара кхо строфа ю уьш. Ерриг стихотворени ворхӀ строфах лаьтташ ю, хӀор строфахь йиъ стих а йолуш. Стихотворени шина декъе екъало, хьалхара кхо строфа цхьа дакъа ларало, иза авторера ду. КхидӀа йолу йиъ строфа шолгӀа дакъа ларало. Иза стихотворенин турпалхочуьнгара ду. Цуьнан чулацамехь – беттан серлонгахь цӀеста кӀудал шовданан хих юзуш йолу йоӀ гича, дог тохаделлачу «нохчийн кӀанта лоькху йиш» ю. Еа гӀулчах лаьттачу хорейн барамехь язйина стихотворени. Хьалхарчу стихехь а, иштта дӀайолчу кхечу шалазчу стихашкахь а акалектика ю – стихан могӀа юьззина йолчу гӀулчаца (стопаца) чекхболу, стихан тӀаьххьара гӀулч юьззина хорейниг ю тохар долу а, тохар доцу а ший дешдакъа шеца долуш. ШолгӀачу стихехь а, кхидӀайолчу кхечу шалачу стихашкахь а каталектика ю – стихан могӀа яцйинчу гӀулчаца (стопаца) чекхболу, стихан тӀаьххьара хорейн гӀулч йоца ю, тӀехь тохар долу хьалхара дешдакъа бен дац. И барам хӀор строфахь стихотворени чекхъяллалц ларбина автора. Стихашкара клаузулаш жӀарийн хьесапехь а йолуш, зударийн клаузулаш божарийчаьрца хийцалуш ю.

Исбаьхьа эпитеташ, метафораш, дустарш цхьа шатайпана цхьаьнаийна ду стихотворенехь, цаьргахула нохчийн гӀиллакхаш гайтина ца Ӏаш, къоман дахаран битамаш кхуллу автора.

Дашна говза ву Сулейманов Ахьмад, цуьнан поэзин мотт шеца лаккхара исбаьхьалла

йолуш бу. Ша гойтачу хIуманца догIуш доллу исбаьхьаллин дош карадо цунна. Кхечара далоза долу дустар, эпитет я метафора яло хаьа цунна. Поэтически сурт кхуллуш Iаламера хIума, адаман хьесапе даладой, исбаьхьа юьхьедерзадо цо. Цуьнан исбаьхьаллин васт шеца чолхалла йоцуш, аьхна, даге кхочуш, милла а кхетар волуш хуьлу. Масала, «Полла» цIе йолу стихотворени:

Хаза полла, къорза полла,

Бай тIехь дургал гулъеш лела,

Бай тIехь дургал гулъеш лела.

Полла шена тIелахбелча,

Зезаго и эсала хьосту.

ТIера полла дIагIаьттича,

Зезаг цунна тIаьхьа леста.

Цу зезаг тIе полла санна,

Леста денна со хьо йолчу.

Цу урчакх тIе чилла санна,

Хьан безам сан дагах хьерча.

Жима полла, хаза полла,

Бай тIехь дургал гулъеш лела,

Бай тIехь дургал гулъеш лела.

Полла санна яй ю и стихотворени, еша а, шех кхета а атта ю. Поэта далийна дустарш а («Цу зезаг тIе полла санна,леста денна со хьо йолчу. Цу урчакх тIе чилла санна, хьан безам сан дагах хьерча») даьржина делахь а, шайца чолхе йолуш дац. Лирически турпалхочун безам кIорге йолуш хилар гойту цара. Исбаьхьа кхоьллинчу Iаламан суьрташкахула гучуйоху кхузахь лирически турпалхочун безаман шовкъаш.

Чулацамца а, дIахIоттамца а, маьIница а цунах тера ю стихотворени «Можа хьоза» а:

Можа хьоза, хаза хьоза,

Сарахь, Iура, ломахь, арахь –

Даим хеза цуьнан оза,

Цуьнан оза даим хеза.

Баьллийн бешахь,

зазаш юккъехь,

БIаьсте хестош, зазаш лестош,

Дека, ловзу можа хьоза,

Можа хьоза дека, ловзу.

ЙогӀу Ӏуьйре, юлу суьйре,

Цу ламанца, цу аренца

Даим хеза зевне оза,

Зевне оза даим хеза.

Хьоза декаш хезча сайна,

ДагайогӀу езнарг суна.

Иштта говза дека хьоза,

Дека хьоза иштта говза.

Лирически турпалхо хаза декачу хьозанан зевнечу озах самалха долуш, воккхавер, оцу хьозанан хазчу озо шена езнарг цунна дагаяийтар бен кхин хIума дац стихотворенин чулацамехь, амма поэзи ю. Турпалхочун самалхадалар вайга а кхочу. Сирла, екхна ойла кхоллало стихотворени ешча. Говза дIахIоттам бу стихотворенин. Еа строфах лаьтташ ю иза, хIор строфахь йиъ стих а йолуш. Дешнаш леррина хаьржина ду, хIор могIа деа дашах лаьтташ бу, дешнаш вовшашца дозуш дIанисдаран шен раж ю. Массо а строфахь кхоалгIа стих боьалгIачу могIанехь юхаялийна, шишша дош шайн меттигца хийца а хуьйцуш. Масала, шолгIачу строфан кхоалгIий, йоьалгIий стихаш:

Дека, ловзу можа хьоза,

Можа хьоза дека, ловзу.

Цул совнаха оцу стихашкахь автора пайдаэцна стиховеденехь анадиплосис олучу поэтически приемах: цхьана стихан тIаьххьара дешнаш цунна тIаьхьа йогIучу стихехь хьалхара далийна. ХIокху стихотворенехь массо а строфахь тIаьххьара шишша стих ю оцу поэтически гIирсах пайдаоьцуш кхоьллина. Хьалхарчу строфахь «цуьнан оза» ду и юхадалош долу дешнаш, шолгIачу строфахь «можа хьоза» ду, кхоалгIачу строфахь – «зевне оза», йоьалгIачу строфахь – «дека хьоза». Оцу юхааларша цхьа шатайпа аьхналла ло стихотворенина.

Стихотворенин хIор дош шина дешдекъах лаьтташ ду, кхоалгIачу строфан шолгIа могIа боцчохь массанхьа а. ЦIенчу хорейн барамехь ю стихотворени, хIор стихехь йиъ гIулч а йолуш.

Стих екар а говза нисдина поэта. Зевнечу аьзнийн аллитераци ю стихашкахь. Зевне «з» аз ткъе борхIазза далийна башха йоккха йоцчу стихотворенехь. Юккъера рифмаш ю стихотворенехь, уьш а зевнечу аьзнех лаьтташ ю: «Можа хьоза, хаза хьоза»; «БIаьсте

хестош, зазаш лестош»; «Даим хеза цуьнан оза»; «Иштта говза дека хьоза», кхиерш а. Ала мегар дара, оцу тIерачу можачу хьозанан аз санна, зевне ека стихотворени.

Цу тайпана, оцу дерригено а кхоьллина стихотворенин исбаьхьалла. Лирически турпалхочун безаман шовкъаш гучуяхарехь шайн маьIна ду оцу поэтически гIирсийн.

Сулейманов Ахьмадан безаман лирикехь оцу синхьегаман тайп-тайпана агIонаш гучуйовлу. Поэтан лирически турпалхочуьнан безам даим а бац шен лаамашка кхочуш. Цунна безаман марзо евзина ца Iа, шен безамна жоп ца даларан къахьо а евзина цунна. Делахь а хIумма а кIоршаме, оьгIазе вац иза шен безам дIатеттинчуьнца. «Ехийла гIоза!» стихотворени тIехь цо боху:

Сан дуйнех, бIаьрхих а хьо ма ца тийши.

Ницкъ боцуш виси-кх со хьан ойла еша!

Дахарехь вайшиннан ца хили йоза…

Со вицвеш, кхин везна, ехийла гIоза!».

Амма кхидIа долчу стихотворенин могIанашкахь хаало турпалхочун кIорггера синхьегам, цуьнан йоьхна ойла, деган лазам:

Хьайн тойне со вехар ас хьоьга доьху:

Лаьар-кх цкъа тӀаьххьара хьоьга бӀаьрг тоха,

Декъалдеш хьан дахар, айдер ас чагӀар…

Амма сан воккхавер ма хуьлда-кх хьуна!

Стихотворенин оцу тӀаьххьарчу могӀанехь ю турпалхочун гӀайгӀанечу синхаамийн кӀорге, цуьнца билгалдолу произведенин коьрта маьӀна а.

Сулейманов Ахьмадан безаман лирика шен билггал къастамаш болуш ю. Оцу синхаамах лаьцна йолу поэтан стихаш нохчийн безаман лирикех къаьсташ ю шайн чулацамца а, маьӀница а, исбаьхьаллин басаршца а. Оцу хьокъехь Ахмадов Мусас яздо: «Безамах йолчу Ахьмадан стихашкахь гучудолу и синхаам цо, ийзавалар доцуш, ма-барра шен чолхаллица, марзонца, къахьонца буьйцуш хилар. Цуьнца цхьаьна цо дохадо нохчийн фольклорехь долу цхьацца бехкаме гураш. Оцу гурашкара аравийлар а оьзда а, товш а хуьлу Ахьмадан, цуьнца цхьаьна цо схьадоьллу нохчийн безаман лирика кхиаран тайп-тайпана а, керла а некъаш».

Сулейманов Ахьмада кхиамца болх бина лиро-эпически жанрехь а. Евзаш ю цуьнан поэмаш: «Безаммий, шаьлтий», «Ламанан суьрташ», «Беттан тӀулг», «Безаман шовда», «Дахаран генаш», «Ӏеса безам. Безамна гимн», «ЦӀен книга» я Ӏеса поэма». Церан чулацамехь къоман дахар ду, шен тайп-тайпанчу агӀонашкахь гайтина. Нохчийн къоман кхолламехь хьалха дӀадаханчу а, хӀинцалерчу а шен хьежамашца ойла йо поэта. Жанрийн башхаллашка диллича лирический, эпический, драматический билгалонаш

цхьаьанаийна ю поэмашкахь.

Къаьсттина хьахо йогIу «ЦIен книга» я Iеса поэма». Философски произведени ю иза. Яздархойн гонашкахь дика тIеэцна поэма. «Поэма дуьненахь болчу коьртачу лазамех ю, адаман дахар тодарехьа, хаздарехьа, ирсе дарехьа кхойкхуш… Сулейманов Ахьмада шен кхетамехь, ойланашкахь, хааршкахь, даг чохь гулделларг схьакхайкхина вайга оцу поэмехь, вайн къам дуьненахь лар йоцуш дан ца дайта. Иза поэтан весет лара мегар ду, тIаьхьенашна цо дитина», – яздо поэмех лаьцна яздархо а, критик а волчу Минкаилов Эльбруса. Оцу поэми тIера цхьацца йолу меттигаш бахьана долуш, резабоцуш, цу тIехь Iесалла ю, иза яго еза аьлла, арабевллера цхьаберш, амма иза цаьрга ца дайтинера Ахьмад а, цуьнан поэзи а евзачара.

Iаламат мехала бу Сулейманов Ахьмадан Нохч-ГIалгIайчоьнан топоними хIоттош бина болх. 1976–1985 шерашкахь араяьлла цуьнан еа книгех лаьтташ йолу «Топонимия Чечено-Ингушетии». Цул тIаьхьа кхузза арахецна оьрсийн маттахь язбина болу и мехала болх. Цу тIехь ялийна лаьмнийн, раьгIнийн, бIаьвнийн, шовданийн, хинийн, яртийн, хьаннийн, ирзойн, ма-дарра аьлча, вайн мехкан массо а меттигийн цIерш. Царах лаьцна халкъалахь долу легендаш, шира хабарш, кицанаш, эшарш дIаяздина автора. «Нохчийчоьнан паспорт» аьлла, цIе яхна шен маьIнийн мах хадийна ца валлал мехала болчу оцу белхан. Пачхьалкхан преми луш билгал а баьккхина иза.

Хьахо деза Сулейманов Ахьмада дина гочдарш. Цо нохчийн матте яьхна А.С. Пушкинан «Iаьнан суьйре»; М.Ю. Лермонтовн «Суо-цхьалха буьйсанна со араволу», «Кхачделла можа ялташ аренгахь техкаш…», «ГIалгIазкхийн аганан илли», «Баркалла», «Тамаше шийлачу ахмаске тIехьара…», «ХIан-хIа! Хьо яц суна езарг чIогIа», «К. Л. (Байронах тардеш)», «ИрахьIер», «Къовсам», «ДоIа», «СагIадоьхург», «Аьзнаш», «Кавказ»; Муса Джалилан «Сан иллеш», «Ма тешалахь», «Суд ечу дийнахь»; гуьржийн халкъан поэзи юккъера «Хьан майрачух со-м ца веша…», кхийолу произведенеш а.

Сулейманов Ахьмада болх бина нохчийн халкъан барта произведенеш лохуш а, уьш дIаязъеш а. Пхьарматах долу шира дийцар дуьххьара дIаяздинраг а ву иза.

Къоман культурин, нохчийн литературин мехала цхьа дакъа ду Сулейманов Ахьмадан кхолларалла. Нохчийн халкъан поэт боху сийлахь цIе шен хьакъ а йолуш лелайора цо.

«Даймехкан некъаш» цIе йолу Сулейманов Ахьмадан книга дIайолалуш зорбатоьхначу шен статья тIехь Сулаев Мохьмада яздина: «Кху сборнико чулоцу нохчийн поэто Сулейманов Ахьмада деххачу шерашкахь язйинчех цхьайолу стихаш, поэмаш… Семачу бIаьргашца цуьнан агIонашка хьаьвсичахь – цхьабосса дика го поэтан шен чухулара синсибат а, вайн даймехкан къонахаллех дуьзна долу васт а.

Ишта ца хила йиш а яц поэзин книга, и бакъволчу поэтан книга елахь: хIор а вуьззина поэт шен даймехкан хьанала меже а, винчу халкъан сема мотт а бу. Поэто дуьйцург цIенчу даггара хила деза – тIаккхий бен дешархойн дегнашка и дIаккхочур вац. Амма поэтан дог мел цIена хиларх, иза шен даймехкан дагах хоттаделла дацахь – цо дуьйцучух марзо оьцур яц кхиболчу наха: цхьана готтачу гурахь дуьсур ду цо мел дуьйцург, дешархойн шуьйрачу могIаршка дIа ца кхочуш. Бакъволчу поэтан дог цIена хилла ца Iаш комаьрша а, доккха а хила деза, дерриге а халкъан дог-ойланаш, сатийсамаш шена чухудуш, шена чу уьш тарйолуьйтуш. ТIаккха хуьлу поэт – шен халкъан поэт. Иштачех ву Ахьмад Сулейманов».

Хила а хилла Сулейманов Ахьмад бакъволу поэт, цуьнан произведенеш бакъйолу поэзи а ю.

Арсанукаев Iабдулла

Материал схьаэцна Нохчийн Республикин Дешар кхиоран институтан сайта тIера:

http://iroars.ru